# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 दिसम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़ एक दिन के दौरा पर आजु कानपुर पहुंचलें। उहां के सेठ आनंदराम जयपुरिया स्कूल क स्वर्ण जयंती समारोह के बतौर मुख्य अतिथि सम्बोधित कइलीं। अपने सम्बोधन में उहां के सिक्षा बदे प्रतिबद्धता क कमी अउर व्यावसायिकता के हावी भइले पर चिंता जतवे हईं। उप राष्ट्रपति आजु आईआईटी कानोपुर क दौरा कइ के ओइजा क विद्यार्थियन अउर सिक्षकन से बातचीत करत हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर जिला में मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह योजना से जुड़ल आयोजन में हिस्सा लिहलें। उहां के योजना में विवाह बंधन में बंधे वाले बारह सौ नौ जोड़न के आसीरबाद दिहलीं। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला सात बरिस में प्रदेस में सामूहिक विवाह योजना से जुड़ि के तीनि लाख चौरासी हजार नौ जोड़ा दहेज प्रथा के नकारि चुकल हवें। येह सत्र के पूरा भइले ले ई संख्या बढ़ि के चारि लाख के आसपास हो जाई। एहसे पहिले मुख्यमंत्री आजु सबेरे गोरखनाथ मंदिर में जनता दरसन में आइल लोगिन से मुलाकाति कइलें अउर तीनि सौ लोगिन क समेस्या सुनलें।

**********

आजु पूरा देस में एड्स दिवस मनावल जा रहल हौ। केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जगत प्रकाश नड्डा येह मौका पर देसवासियन के एड्स संक्रमित व्यक्तियन बदे संवेदनसील ब्यौहार अउर संक्रमित व्यक्तियन के मानवाधिकारन क रक्षा करे क अपीलि कइले हवें। मध्य प्रदेस क इंदौर में एड्स दिवस सम्बन्धित राष्ट्रव्यापी कार्यक्रम में हिस्सा लेत उहां के येह दिसा में केन्द्र सरकार के कोसिसन के बारे में चरचा कइलीं।

ओहीं, प्रदेस क मथुरा जिला में खजानी संस्थान में आजु एड्स दिसव सम्बन्धित एगो बिचार गोस्ठी में वक्ता लोगि एड्स बदे समाज में व्याप्त मिथकन अउर भ्रांतियन के बारे में चरचा कइलें। गोरखपुर क जिला एड्स नियंत्रण अधिकारी डॉक्टर गणेश यादव एड्स दिवस क पूर्व संध्या पर कहलें कि एचआईवी मरीज में टीबी भइले क अनेसा बेसी होले। येह बदे हर एचआईवी मरीज के छौ महिन्ना से टीबी से बचाव क दवाई खियावल जा रहल हौ।

**********

केन्द्रीय मंत्री नितिन गड़करी अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अगिला महिन्ना से प्रयागराज में प्रस्तावित महाकुंभ के सुविधाजनक बनावे के उद्देस्य से राज्य में महत्वपूर्ण सड़क अउर संरचना परियोजनन के प्रगति क काल्हि लखनऊ में समीक्षा कइलें। सथहीं, अधिकारी लोगिन के निरदेस दिहलें कि ऊ सज्जो निरमाण कार्यन के पचीस दिसम्बर से पहिले पूरा करा लें।

महाकुंभ क मेला तेरह जनौरी से छब्बीस फरौरी ले प्रयागराज में आयोजित कइल जाई। आधिकारिक अनुमान के हिसाबि से एहमन येह बेरि तैंतालीस करोड़ से बेसी तीर्थयात्रियन के अइले क आगम हौ। महाकुंभ में भीड़ि प्रबंधन, पार्किंग, आपदा प्रबंधन, रेलवे स्टेसन निगरानी अउर सुरक्षा इंतिजाम के मजबूती देवे बदे येह बेरि इंटीग्रेटेड कमांड एण्ड कंट्रोल सेंटर–आईसीसी क भी अपग्रेडेसन कइल जा रहल हौ।

**********

सम्भल हिंसा मामिला क जांचि बदे न्यायिक आयोग क टीमि आजु ओइजा क दौरा कइ के शाही जामा मस्जिद अउर ओकरे आसपास के हिंसा वाले इलाकन क देखलसि। टीमि मस्जिद के सदर अउर सदस्य से बातोचीत कइलसि। येह मौका पर मण्डलायुक्त, डीएम अउर एसपी के साथे कई सीनियर अधिकारी टीमि के साथे मौजूद रहलें। मण्डलायुक्त आंजनेय कुमार सिंह बतवलें कि न्यायिक टीमि क अध्यक्ष अउर एगो सदस्य निरीक्षण कइ के गइल हवें। जरूरति के हिसाबि से ई टीमि फेर से आ सके ले। येह बिच्चे चउबीस नवम्बर के सम्भल में भइल हिंसा के बाद अब ओइजा स्थिति काबू में हौ।

**********

राष्ट्रीय कृषि अउर ग्रामीण विकास बैंक नाबार्ड क सहजोग से कुशीनगर विधानसभा क्षेत्र में आठ करोड़ सत्तावन लाख रूपिया क धनरासि से तीनि जर्जर पुल के जगहि नया पुल बनवावल जाई। एकरे बदे सासन मंजूरी दे दिहले हौ। ई जनकारी ओइजा क विधायक पीएन पाठक दिहलें। उहां के बतवलीं कि जवने पुलन क निरमाण क मंजूरी मिललि हौ ओहमें बरवा जंगल से कुलकुला देवी मंदिर राहि, शिवपुर से कुबेरनाथ मंदिर राहि अउर करहिया हजारी पट्टी जाये वाला राहि सामिल हौ।

**********

सैयद मोदी इंडिया इंटरनेशनल बैडमिंटन चैम्पियनसिप क फाइनल मोकाबिला आजु लखनऊ में खेलल गइल। एहसे पहिले डबल्स के फाइनल में भारत क त्रृषा जोली अउर गायत्री गोपीचंद क जोड़ी चीन क बावो ली जिंग अउर ली कियान के हरा दिहलस। पुरूस एकल में भी भारत क प्रथम वरीयता प्राप्त लक्ष्य सेन सिंगापुर क जिया हैंग जेसन के हरा दिहलें। मिश्रत युगल में भारत क ध्रुव कपिला अउर तनीषा क्रासटो क जोड़ी के थाइलैंड क सुपिससारा अउर देचापोल क जोड़ी से हारि क सामना करे के परल। पुरूस युगल मोकाबिलो में भारत क साईं प्रतीक अउर पृथ्वी कृष्णमूर्ति क जोड़ियो के चीन क हुआंग डी अउर नियू योग क जोड़ी हरा दिहलस। आखिरी समाचार मिलले ले महिला एकल में भारत क प्रथम वरीयता प्राप्त खेलाड़ी पीवी सिंधुओ मैच जीति लिहले रहलिनि।

**********

ब्रह्मलीन महंत अवेद्यनाथ के स्मृति में गोरखपुर में आजु से चारि दिन ले चले वाला कबड्डी महाकुंभ क सुभारम्भ हो गइल। एकर उद्घाटन प्रदेस सरकार क खेल मंत्री गिरीश चन्द्र यादव कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि महंत अवेद्यनाथ के जोगदान के ई देस कब्बो नाहीं भुला सके ला। उनके यादि में अउरियो प्रतियोगिता आयोजित कइल जाई अउर खेलाड़ियन के तरासे बदे अउरियो बेहतर कोसिस होई। चारि दिसम्बर ले प्रस्तावित कबड्डी महाकुंभ में देस भर क बारह टीमिनि में एक सौ चउवालीस खेलाड़ी सामिल होइहें।

**********